

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Basa dina émprona mangrupa hiji alat komunikasi utama nu digunakeun papada manusa. Hartina basa miboga kalungguhan minangka médium ngébréhkeun sagala rupa perkara nu nyangkaruk dina pikiran manusa. Ieu hal luyu jeung nu ditepikeun Astuti (2015, kc. 140) yén prosés komunikasi dina hakékatna mangrupa prosés nepikeun eusi pikiran atawa rasa hiji jalma (komunikator) ka jalma séjén (komunikan). Éta pikiran bisa mangrupa ideu, informasi, opini, jeung sajabana nu aya dina batin manusa.

Sajaba ti éta, basa ogé jadi médium komunikasi dina ébréhan karya sastra. Upama basa nu digunakeun dina komunikasi langsung saujuratna, sabalikna dina karya sastra digunakeun basa nu sipatna meunang ngaréka sangkan miboga kesan éstétis atawa éndah. Tujuanna taya lian pikeun ngirut pamaca sangkan boga persépsi anyar ngeunaan karya sastra. Sabab hiji karya sastra miboga ciri jeung cara nu béda dina ngébréhkeunna luyu jeung éfék nu diwangun pangarang. Nurutkeun Fathoni (2012) éta éfék téh diréka pikeun ngajembaran ma'na, ngagambarkeun obyék jeung kajadian sacara imajinatif, atawa méré éfék émotif nu tangtu pikeun pamaca. Éta cara nu béda ku Sudjiman (dina Fathoni, 2012) disebut gaya basa.

Nurutkeun Keraf (2010, kc. 113) gaya basa mangrupa cara ngébréhkeun pamikiran ngaliwatan basa sacara husus nu ngagambarkeun jiwa jeung kapribadian panulis (pamaké basa). Ku ayana gaya basa, pamaca bisa méré sawangan ngeunaan kapribadian hiji jalma atawa kumaha gaya pangarang dumasar karya nu ditulisna. Salah sahiji pangarang nu miboga ciri jeung gaya basa has nyaéta Syarif Amin dina karya novél nu jadi objék ieu panalungtikan, *Kembang Patapan*. Mémang réa karya nu ditulis ku ieu pangarang. Tapi panyusun nyoko kana ieu karya sabab leuwih ébréh boga ciri has. Éta ciri has kagambar dina réana pangarang ngamangpaatkeun gaya basa kiasan, sahingga ieu karya boga daya éksprésif. Contona dina kalimah *nu disebut agama ku Engkang mah teu aya sanés jabi ti soca sang Déwi* (Amin, 2014, kc. 10), katitén kumaha pangarang ngawangun éfék pikeun ngagambarkeun antebna rasa ku cara nyieun kontruksi kalimah teu biasa. Éta éfék ébréh dina frasa

‘sang Déwi’ nu miboga maksud teleb geusan ngawakilan kageulisan jeung kaagungan hiji awéwé nepi ka disandingkeun jeung déwi dina pada sampurnana.

Sajaba ti kitu, nalika hiji pangarang ngawangun éfék nu teleb dina hiji kontruksi gaya basa, tangtu tujuanna teu ngan saukur patali jeung prosés kréasi hungkul. Sabalikna éta éfék diwangun pikeun ngajembaran harti nu nyampak dina gaya basa, ngajak pamaca sangkan manggihan hiji pangalaman batin nu béda, sarta ngagambarkeun hiji lalakon sacara leuwih imajinatif. Nilik kana éta urgénsi, dina nepikeun hiji ideu, pangarang henteu nyoko kana lambang kabasaan hungkul. Tapi pangarang ogé merelukeun unsur séjén nu ngarojong kaéstétisan hiji wangun gaya basa. Tina éta adumanis antara lambang basa jeung unsur séjén téa, kacipta rupaning gaya basa nu miboga ciri masing-masing. Éta hal sakumaha nu katitén dina novél *Kembang Patapan* nu euyeub ku rupaning kontruksi gaya basa minangka hasil katapisan pangarang.

Sajaba pikeun niténan gaya basa kiasan nu nyampak dina novél, kasang tukang séjén nu ngarojong dilakukeunna ieu panalungtikan nyaéta minangka tarékah ngahirupkeun deui ajén kabasaan nu luhur. Sabab dina émprona ieu gaya basa kiasan geus langka digunakeun masarakat. Éta hal bisa katitén ku ayana ébréhan nu leuwih togmol nalika komunikasi, utamana nu lumangsung antara nonoman. Maranéhna leuwih katingali langka maké kalimah nu dibalibirkeun pikeun ngébréhkeun hiji hal. Padahal sakapeung wangun saperti kitu penting digunakeun enggoning ngajaga tatakrama atawa sopan santun. Ari tujuanna taya lian pikeun ngajaga supaya nu diajak nyarita teu kasigeung haténa. Ieu masalah bisa jadi hadir lantaran masarakat éta sorangan geus teu apal kumaha ari wangun gaya basa kiasan jeung naon waé ajén nu nyangkaruk di jerona.

Dumasar éta hal di luhur, dina ieu novél baris ditalungtik gaya basa kiasan dumasar babagian wandana nyindekel kana tiori Keraf (2010, kc. 129). Dina ieu tiori, Keraf ngabagi gaya basa kiasan kana sababaraha wanda. Éta wanda dipasing-pasing dumasar babandingan atawa sasaruuan nu dianalogikeun. Hartina wanda gaya basa kiasan ngadeg dina kalimah nu ngébréhkeun ciri-ciri sarua di antara dua hal. Contona saperti kalimah “Azwan jeung Adé *kawas* gula jeung peueut”. Éta wangun kaasup kana wanda gaya basa kiasan ‘Ngupamakeun’. Nu jadi cirina

nyaéta ayana babandingan antara dua hal nu dianggap boga sasaruuan. ‘Azwan jeung Ade’ minangka objék nu keur dibandingkeun dianalogikeun saperti ‘gula jeung peueut’ ku sabab pohara dalitna.

Patali jeung tiori gaya basa kiasan nu ditepikeun ku Keraf (2010, kc. 129) disebutkeun gaya basa kiasan raket patalina jeung kontruksi gramatik pangwangunna. Hartina dina ieu gaya basa diréka jeung dicipta hiji wangun kontruksi basa nu jembar, utamana nu aya hubunganna jeung harti. Ku sabab kitu, sajaba diréka dina kalimah nu nimbulkeun éfék tangtu, ieu gaya basa ogé ébréh nyidem harti teu biasa atawa perlu dititénan sacara jero kumaha maksud jeung tujuanna tina éta kontruksi gaya basa.

Satuluyna nurutkeun Hawkes (dina Al-Ma’ruf, 2015, kc. 81) gaya basa mangrupa salah sahiji unsur struktur karya sastra. Ku sabab kitu, Al-Ma’ruf (2015, kc. 81) ngémbohan patalina gaya basa jeung unsur séjénna kacida koherén. Dina éta struktur, unggal unsur miboga harti nu kawangun nalika pataréma jeung unsur séjénna sacara gembleng. Éta harti ditangtukeun ku ayana kasapukan dina nyipta karya sastra. Sahingga nalika maluruh harti hiji karya sastra diperlukeun ogé tilikan nu matalikeun hiji unsur jeung unsur séjénna sacara gembleng. Dumasar éta hal, dina ieu panalungtikan ogé ditalungtik unsur harti nu jadi pangwangun batin gaya basa kiasan dina novél *Kembang Patapan*.

Cindekna, ieu panalungtikan baris nalungtik gaya basa kiasan ngagunakeun tilikan struktur nyindekel kana wanda gaya basa jeung **tilikan semantik nu nyoko kana harti dina kalimah nu ngébréhkeun** gaya basa kiasan.

Ieu panalungtikan miboga rélevansi jeung panalungtikan saméméhna nyaéta “Kajian Stilistika Teks Bahasa Pedalangan Wayang Purwa Gaya Surakarta” (Subroto, 2013) medar ngeunaan téks basa *pedalangan* wayang dumasar tilikan stilistika tina jihat struktur kalimah (kecap, frasa, klausa). “Tilikan Stilistika kana Pakeman Basa dina Novél *Laleur Bodas* Karangan Samsu pikeun Pangajaran di SMA” (Nurdewi, 2017) medar ngeunaan struktur stilistika dina pakeman basa nu aya dina novel *Laleur Bodas*, ngagunakeun tiori pakeman basa; “Gaya Basa dina Kumpulan Paribasa pikeun Bahan Pangajaran Pakeman Basa di SMP” (Maryam,

2018); jeung “Gaya Basa dina Kumpulan Carpon *Rusiah Kaopatwelas* Karangan Darpan Ariawinangun” (Srihilmawati, 2016).

Tina éta sawatara panalungtikan patali jeung gaya basa, tétéla geus réa nu nalungtik ieu paélmuan téh. Tapi nu ngulik gaya basa ditilik tina struktur minangka dadasarna, can kungsi aya nu nalungtik dina basa Sunda. Ku kituna, ieu panalungtikan miboga kalungguhan pikeun ngeusi éta lolongkrang anu can ditalungtik. Lantaran kitu, ieu panalungtikan miboga bébédaan. Ari puseur pangbédana ngawengku objék panalungtikan jeung tilikanna nu nyoko kana struktur sarta harti gaya basa kiasan. Dumasar éta hal, ieu panalungtikan nu judulna “Wanda jeung Harti Gaya Basa Kiasan dina Novél *Kembang Patapan* Karya Syarif Amin” perlu pikeun dilaksanakeun dina raraga ngadeudeulan hasil nu geus aya saméméhna.

1.2 Rumusan Masalah

Ambahan panalungtikan patali jeung gaya basa dumasar tiori Keraf (2010) kawilang réa. Ku kituna, ieu panalungtikan diwatesanan sangkan bisa leuwih fokus kana poko utama nu nyangkaruk dina objék panalungtikan, nyaéta nyindekel kana gaya basa kiasan. Sajaba ti éta, stilistika minangka élmu nu ngadadasaran gaya basa patali jeung rupaning hal. Ku sabab kitu, dina ieu panalungtikan ngan baris ditalungtik strukturna nyindekel kana wanda gaya basa jeung **tilikan semantik nyindekel kana harti dina kalimah nu ngébréhkeun** gaya basa kiasan. Dumasar kana kasang tukang jeung watesan masalah nu diébréhkeun, ieu di handap mangrupa rumusan masalah nu baris ditalungtik.

- a. Kumaha wanda gaya basa kiasan dina novél *Kembang Patapan* karya Syarif Amin?
- b. Kumaha harti gaya basa kiasan dina novél *Kembang Patapan* karya Syarif Amin?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan secara umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun gaya basa kiasan nu nyampak dina novél *Kembang Patapan* karya Syarif Amin nu diulik ngagunakeun pamarekan struktur jeung semantik. Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban paélmuan atawa panalungtikan ngeunaan struktur jeung semantik nu geus aya.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus mangrupa ambahan nu leuwih spésifik tina ieu panalungtikan nyindekel kana rumusan masalah nu geus ditangtukeun. Dumasar rumusan masalahna, tujuan husus tina ieu panalungtikan ébréh dina wincikan ieu di handap.

- a. Nganalisis jeung ngadéskripsikeun wanda gaya basa kiasan anu nyampak dina novél *Kembang Patapan* karya Syarif Amin.
- b. Nganalisis jeung ngadéskripsikeun aspék semantik gaya basa kiasan dina novél *Kembang Patapan* karya Syarif Amin.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis nu dipiharep bisa dicangking nyaéta kaanalisis jeung kaungkabna wanda jeung harti gaya basa kiasan dina novél *Kembang Patapan*. Sajaba ti éta, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran ulikan struktur jeung semantik basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan secara praktis dipiharep miboga mangpaat pikeun sababaraha pihak nu disebutkeun ieu di handap.

- a. Pikeun panalungtik, ieu analisis dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruhna ngeunaan tilikan struktur jeung semantis nu nyampak dina novél.

- b. Pikeun pamaca, ieu analisis dipiharep bisa ngadeudeulan pangaweruh ngeunaan tilikan struktur jeung semantis, sarta bisa jadi réferénsi enggoning ngalakukeun panalungtikan leuwih jembar.
- c. Pikeun masarakat, ieu panalungtikan bisa jadi pangrojong dina ngaronjatna daya aprésiasi kana karya sastra, hususna tina jihat tilikan struktur jeung semantis.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab. Bab I Bubuka, eusina medar kasang tukang masalah panalungtikan, rumusan masalah dina wangun pananya, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan sacara tioritis jeung mangpaat praktis, ogé raraga tulisan.

Bab II Ulikan Pustaka, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir, eusina medar ngeunaan tiori anu patali jeung ieu panalungtikan. Di antarana tiori geunaan gaya basa, wanda gaya basa, stilistika, struktur basa, sarta tiori semantik.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina medar ngeunaan désain panalungtikan, sumber data, padika ngumpulkeun data, instrumén jeung téknik ngumpulkeun data, sarta analisis data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran, eusina medar ngeunaan déskripsi tina rumusan masalah patali jeung hasil pedaran nu ditalungtik. Dina ieu bab medar jeung ngadéskripsikeun gaya basa kiasan, adegan dina gaya basa kiasan, wanda gaya basa kiasan, sarta aspék semantik anu nyampak dina gaya basa kiasan.

Bab V Kacindekan, Implementasi, jeung Saran. Eusina medar ngeunaan kacindekan tina panalungtikan anu geus dilaksanakeun, sarta nepikeun saran atawa rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna.